



Kesyon ak Repons

Grip H1N1

1. Se kisa mwen kapab fè pou pwoteje tèt mwen ak fanmi mwen pou nou pa malad?

Pa genyen pyès vaksen ki disponib koulye a pou pwoteje ou kont grip pòsin H1N1 an. Genyen kèk prekosyon nou kapab pran chak jou pou ede nou anpeche pwopagasyon jèm ki ka koze maladi respiratwa tankou influenza. Pran prekosyon nou pral bay la yo chak jou pou pwoteje sante ou:

- Kouvri nen ou ak bouch ou avèk papyè kleenex lè ou ap touse oubyen estène. Jete papyè a nan fatra lè ou fin itilize li.
- Lave men ou ak savon ak dlo, espesyalman aprè ou fin touse oubyen estène. Likid pou netwaye men ki a baz alkòl efikas tou.
- Evite touche zye ou, nen ou ak bouch ou. Se konsa jèm maladi yo gaye.
- Eseye evite kontak de prè avèk moun ki malad.
- Si ou pran maladi grip influenza a, limite kontak ou avèk lòt moun pou ou pa enfekte yo tou.

2. Se ki fason ki pi bon pou anpeche viris la simaye lè moun touse oubyen estène?

- Si ou malad, limite kontak ou avèk lòt moun depi ou gen posibilite fè sa.
- Pinga ou ale travay oubyen lekòl si ou malad.
- Kouvri bouch ou ak nen ou avèk papyè kleenex lè ou ap touse oubyen estène. Sa ka anpeche moun ki alantou ou tonbe malad. Jete papyè ou fin itilize a nan panye fatra.
- Touse oubyen estène nan bra ou si ou pa genyen yon papyè.
- Answit, netwaye men ou, epi fè sa chak lè ou touse oubyen estène.

3. Se kilè mwen ta dwe kontakte yon doktè?

- a. Sone founisè swen sante ou oubyen vizite yon klinik si ou menm oubyen yon manb nan fanmi ou genyen sentòm nou pral bay la yo:
- Lafyèw ki monte a 100 degre oubyen pi wo ak omwen youn nan lòt sentòm ki pi ba yo:
 1. gòj fèmal
 2. tous
 3. rim oubyen nen bouche
 - yo rekòmande pou w rele epi ale konsilte yon founisè swen sante avan ke ou ale nan biwo doktè a. ou dwe kite sal dijans lopital la kòm dènye resous ou

4. Pou timoun, siy ki anonse ka ki bezwen atansyon medikal ijan yo enkli ladan:

- Si yo ap respire vit oubyen si yo gen pwoblèm respirasyon
- Si po yo vin bay yon koulè ble oubyen gri
- Yo pa bwè ase likid; pa irine oubyen yo pa gen dlo soti nan zye yo lè yo ap kriye
- Yo rete nan kabann oubyen yo pa sou jwe ak lòt timoun
- Yo irite anpil paske yo pa vle moun kenbe yo
- Sentòm yo ap amelyore men yo vin genyen lafyèw ak move tous